

Eseye yon Nouvo Bagay

CHA Cambridge Health Alliance



Eseye yon Nouvo Bagay

Pwofite sèvis espesyal ou benefisye senpleman poutèt ou se yon pasyan CHA.

Byennèt Mantal: Jwenn resous GRATIS pou byennèt mantal ak sipò pèsònèl pandan jiska yon ane avèk [CHA MindWell](#).

Jwenn plis enfòmasyon

Fwi ak Legim Fre. Si ou gen asirans Tufts Health Together with CHA, ou gen dwa kapab jwenn fwi ak legim gratis pandan tout yon ane nan sèten makèt, tankou paregzanp Stop and Shop. Pale avèk ekip swen primè w lan pou konnen si ou kalifye pou pwogram **Fresh Connect** la. Ou kapab voye yon imèl tou pou Flexibleservices@challiance.org oswa rele 781-338-0397 pou jwenn plis enfòmasyon.

Gwoup Sipò: Amelyore sante ou sou entènèt avèk lòt pasyan CHA. Nou gen gwoup pou moun k ap refè, granmoun ak timoun ki gen pwoblèm pwa, moun ki gen doule kwonik ak moun ki gen dyabèt.

Jwenn plis enfòmasyon



N ap Prezante Sant pou Gwosès ak Maladi Fanm CHA yo (CHA Obstetrics and Gynecology Centers)

Èske ou ansent oswa ou bezwen swen pou fanm? CHA Obstetrics and Gynecology la pou ede ou. Nou gen youn nan 100 pi bon sèvis matènite nan lopital yo nan tout nasyon an, e nou sèvi tout moun ki bezwen sa. Se youn nan rezon ki fè nou chanje non nou ki te Women's Health pou vin Obstetrics and Gynecology. Nou vle akeyi tout moun epi montre nou bay tout pasyan nou yo priorite. Jwenn plis enfòmasyon sou [Obstetrics and Gynecology Centers CHA](#) yo nan Cambridge, Revere ak Somerville ak sou sèvis pou [Gwosès ak Matènite](#) nou an jodi a!



Jwenn yon Kat Kado \$10

Epi di kijan diskisyon sou kontraseptif ou a te pase

Ou kapab resewa yon kat kado \$10 senpleman poutèt ou reponn yon ti kesyon kout apre vizit pou swen primè w lan. Kesyonè a anonim, li pran 5-10 minit pou w fini li, li vini nan anpil lang e l ap ede CHA pi byen reponn bezwen ou nan zafè kontraseptif epi amelyore sèvis swen medikal yo. Siveye yon mesaj pa tèks apre pwochen vizit ou a k ap gen yon lyen sou kesyonè a k ap sòti nan men CHA ak kolaboratè nou an, Upstream.



Ki Nouvèl ki Genyen nan CHA?

- Kounye a pasyan CHA yo kapab pran randevou pou tès COVID nan MyChart!** Ale nan "Visits" (Vizit), klike sou "Schedule an Appointment" (Pran Randevou) epi chwazi nenpòt ki lè ou wè ki disponib. Ou pa bezwen gen sentòm pou w fè tès e kounye a n ofri tès pou vwayaj tou. Tès yo fèt nan Sant Swen Malden CHA nou an (CHA Malden Care Center).
- Kanpis Somerville la fin pare e li ouvè.** Sèvis yo nan **Campus CHA Somerville**, nan 33 Tower Street re-ouvè apre rekonstruksyon dlo prensipal ki te kase lane pase a. Sa gen ladjan Swen Ijan CHA (CHA Urgent Care), Sant pou Je a (Eye Center), Sant pou Van ak Trip la (GI Center), klinik medikal ak chirijikal yo, sèvis pou gwosès ak maladi fanm (OB/GYN), ak lòt sèvis.
- CHA Somerville Campus ap bay plis sèvis pou timoun.** N ap akeyi pasyan ak fanmi ki sòti nan Somerville Pediatrics, ki t al chita nan 236 Highland Avenue sòti kote li te ye anvan an nan CHA Broadway Care Center.



DÈNYE NOUVÈL YO SOU COVID

Fè pitit ou yo pran vaksen an! Pa gen anpil timoun nan kominote nou an ki vaksinen. An nou fini ak COVID epi pwoteje timoun yo. Jwenn enfòmasyon sou kijan pou w [fè pitit ou a pran vaksen isit la](#).

Swen ki pa esansyèl ak swen elektif: Kounye a CHA rekòmanse kapab ofri **sèten sèvis** ak entèvansyon ki pa esansyèl, ki elektif, poutèt Depatman Sante Piblik Massachusetts la (Massachusetts Department of Public Health, DPH) bay restriksyon pou sa. Si ou te retade swen ou yo, tanpri kontakte pwofesyonèl medikal ou a pou konnen si ou kapab pran randevou pou sèvis oswa entèvansyon w lan.

Nouvo rekòmandasyon yo pou pasyan ki gen defisyans iminitè: Si ou gen defisyans iminitè, tanpri [ale sou sit entènèt CDC an](#) pou dènye enfòmasyon yo sou vaksen kont COVID yo.